

OU PARE POU ENSKRI?

Fè yon chwa epi kòmanse.



Ranpli yon fòm aplikasyon sou sitwèb
www.nystateofhealth.ny.gov.



Rele liy dirèk NY State of Health nan nimewo
855-355-5777.



Rele 311 pou jwenn yon moun k ap bay èd fas-a-fas, tankou yon Gid, yon Konseye Aplikasyon Sètifye oswa yon Moun Sètifye ki Fasilite Enskripsyon, ki kapab ede ou enskri. Gen èd fas-a-fas ki disponib pou moun, fanmi, ti biznis ak anplwaye yo.



Kontakte yon moun ki pou ede ou fas-a-fas nan New York City Health Department. Ale sou sitwèb nyc.gov/health/healthcoverage pou jwenn youn ki toupre ou.

Ale nan yon New York City HRA Medicaid Office. Ale sou sitwèb nyc.gov/hra/healthcoverage pou jwenn yon lokal ki toupre ou.



Gen èd ki disponib nan lang natifnat ou; annik mande.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon sante ak sou chwa swen sante nan NYC, tanpri ale sou sitwèb NYC Health Insurance Link nan nyc.gov/hilink



Bill de Blasio
Mayor

Human Resources Administration
Department of Social Services

Steven Banks
Commissioner

Department of Health and Mental Hygiene

Mary T. Bassett, MD, MPH
Commissioner



nychra



@nychra

nychealth

@nychealthy

BRC-978 (D)

Rev. 03/17

© Copyright 2017, The City of New York. Human Resources Administration/Department of Social Services. Pou jwenn pèmisyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte New York City Human Resources Administration.

Oumenm ak fanmi ou ka kalifye pou asirans sante pou pri ki ba oswa gratis.

JWENN PWOTEKSYON

Aprann chwa yo, epi
enskri jodi a!




FOTO A SE MODÈL YO UTILIZE POU ILLISTRASYON SELMAN.

LWA SOU SWEN SANTE BON MACHE (AFFORDABLE CARE ACT), ki rele "Obamacare" tou, egzije tout moun pou yo gen asirans epi lwa a fè li pi fasil pou ou ak fanmi ou resevwa swen sante ou bezwen.

APLIKE JODI A: ASIRANS SANTE PUBLIK ak
ESSENTIAL PLAN disponib pandan tout ane a.

Enskripsyon Lib ap kòmanse pou ASIRANS SANTE PRIVE
1ye novanm - 31 janvye.

POU KISA MWEN BEZWEN ASIRANS- MALADI?

Asirans sante peye pou swen medikal lè ou malad ak pou
tchekòp regilye ki kapab ede evite oswa trete maladi tankou
dyabèt oswa opresyon anvan yo vin grav. Li garanti:

- Vizit nan klinik doktè
- Radyografi ak tès nan laboratwa
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis sante mantal ak sante konpòtmantal
- Iminizasyon
- Swen nan lopital

KI POSIBLITE MWEN GENYEN?

MEDICAID

bay asirans sante gratis pou timoun ak adilt ki nan fanmi ki pa touche ase revni. Timoun ki poko gen laj 21 ane kapab resevwa tès depistaj gratis, tretman, èd avèk randevou yo ak sèvis transpò avèk Child/Teen Health Program.

CHILD HEALTH PLUS

bay asirans sante bon mache oswa gratis pou timoun ki poko gen 19 ane epi ki pa kalifye pou Medicaid.

ESSENTIAL PLAN

bay asirans sante pou pri ki ba oswa gratis pou moun kalifye ki gen laj 19 ane jiska 64 tran epi ki pa kalifye pou pwoteksyon Medicaid oswa lòt asirans sante.

ASIRANS SANTE PRIVE BON MACHE AK ÈD FINANSYE

disponib pou ede ou peye pou asirans prive.



Anvan ou chwazi yon plan sante, chèche
konnen ki plan doktè regilye ou aksepte.

KISA KI KONSÈNE KONDISYON IMIGRASYON?

Ou pa oblige se yon sitwayen Etazini pou
kalifye pou asirans sante.

Pifò timoun ak fanm ansent yo kalifye si yo satisfè lòt kondisyon
pou yo kalifye, epitou paran ki pa gen papye imigrasyon kapab
toujou resevwa asirans sante pou pitit yo.

Imigran ki pa gen papye imigrasyon epi ki pa kalifye pou asirans
ka kalifye pou Medicaid pou tretman yon pwoblèm medikal
annijans. Ou kapab aplike anvan ou gen ijans lan sou sitwèb
www.nystateofhealth.ny.gov.

SI M AP TRAVAY, ÈSKE MWEN KALIFYE?

Anpil fanmi ak moun k ap travay kalifye
pou asirans sante pou pri ki ba oswa gratis.
Pa egzanz, gwoup revni sa yo ka toujou
kalifye pou Medicaid:

- ✓ ADILT SELIBATÈ KI PA GEN PITIT EPI
ki touche \$16,643 pa ane oswa \$1,387 dola pa mwa
- ✓ KOUP KI PA GEN PITIT
ki touche \$22,412 pa ane oswa \$1,868 dola pa mwa
- ✓ PARAN KI NAN YON FANMI KAT (4) MOUN
ki touche \$33,948 dola pa ane oswa \$2,829 dola pa mwa
- ✓ FANM ANSENT KI NAN YON FANMI KAT (4) MOUN
ki touche \$54,858 dola pa ane oswa \$4,572 dola pa mwa
- ✓ TIMOUN KI NAN YON FANMI KAT (4)
moun ki gen paran oswa responsab legal ki touche
\$37,884* dola pa ane oswa \$3,157 dola pa mwa

* Timoun ki nan fanmi ki touche plis pase kantite lajan
sa a ka toujou kalifye pou asirans pou pri ba oswa gratis
avèk Child Health Plus.

Moun ak fanmi ki pa kalifye pou Medicaid
ka kalifye pou yo jwenn èd pou peye pou
asirans sante prive. Pa egzanz:

- ↳ Yon fanmi kat (4) moun ki touche apeprè \$97,000 dola pa
ane ka kalifye pou yon kredi nan taks pou bese peman yo
pa mwa pou asirans prive.
- ↳ Yon fanmi kat moun ki touche \$60,625 dola pa ane ka
kalifye pou yon kredi nan taks ak rediksyon pou bese
peman frè yo pa mwa ak lòt depans pou laswenyaj.

Nivo revni efikas Mas 1, 2017 epi yo ka chanje.